

## MANYÈL SOU POLITIK ADMINISTRATIF

Seksyon : Biwo dafè

orijinal : 10-89

Politik : Politik sou èd finansyè

Revwa le : 6/10, 7/13, 3/15, 7/18, 8/20, 9/21, 4/22

Revizyon fèt le : 3/17, 7/18, 9/19, 8/20, 1/21,

9/21, 4/22

1. Sistèm Swen NCH (NCH Healthcare System - NCH) angaje pou l founi, kominote li a, aksè nan bon swen kalite epi ofri èd finansyè bay sa ki gen yon bezwen ki etabli pou yo resevwa swen medikal ijan oubyen sèvis lopital ki medikalman nesese. Dapre lwa leta Florida 409.9131 la, « nesese medikal » oubyen « medikalman nesese » vle di tout materyèl oubyen sèvis ki nesese pou aleje efè yon pwoblèm medikal ki tèminal oubyen pou anpeche, dyagnostike, korije, geri, aleje oubyen anpeche deteryorasyon yon pwoblèm medikal ki menase lavi, lakòz doulè oubyen soufrans, oubyen ki lakòz maladi oubyen enfimite dapre estanda pratik medikal ki aksepte an jeneral. NCH baze politik sou charite epi politik sou èd finansyè li yo (Financial Assistance Policy, FAP) sou direktiv leta Florida a. NCH angaje pou l founi sèvis medikal bay tout pasyan kèlkeswa laj, jann, ras, etnisite, andikap oubyen relijyon yo epi rekonèt nan sèten sitiyasyon yon pèsonaj gendwa pa finansyèman kapab pou li peye pou sèvis li resevwa.
2. Politik sa a konsevwa pou respekte Atik 501(r) Internal Revenue Code la epi li dwe entèprete epi aplike dapre règleman sa yo. Pasyan ki pa gen mwayen pou li peye pou sèvis ki founi nan NCH gendwa mande pou yon èd finansyè e l gendwa rekonèt pou l admisib pou yon èd konfòmman ak kondisyon politik sa a. Poutèt gwo chaj finansyè ki gen nan okipe moun ki pa gen ase resous pou yo peye pou sèvis yo resevwa, NCH pral pran desizyon apa pou chak sitiyasyon swen ki pa ijan ki founi bay tout pasyan yo. Politik sa a kouvri sèvis ki founi nan tout depatman e nan tout kanpis Naples Community Hospital epi gwoup medsen NCH la.  
  
Rabè charite pa p aplike jouk tan tout peman twazyèm tyè pou yon kont te detèmine e te aplike.
3. NCH ap ofri èd charite oubyen èd finansyè lè kondisyon annapre sa yo satisfèt :
  - a. Evalyasyon an fin fèt epi l refize poutèt li gen ladan l, san se pa sa sèlman, kalifikasyon pou asirans, kalifikasyon pou pwogram pataj frè charite, règleman sou responsablite pou sa ki konsène sèvis ki founi, règleman endamnizasyon pou aksidan nan travay (workers compensation) sou sa ki konsène sèvis ki founi, evalyasyon pou kalifikasyon swa nan Medicaid oswa nan lòt pwogram gouvènmantal oubyen èd finansman andeyò.
  - b. Pasyan oubyen garan an fini yon aplikasyon pou èd finansyè ki site salè e depans, byen e responsablite ;
  - c. Si yon demann enfòmasyon sou biwo kredi (credit bureau inquiry, CBI) se yon opsyon pou pasyan an oubyen garan an k ap fè demann pou yon èd finansyè a, founisè sèvis la gendwa jwenn yon rapò sou kredi ki konfime enfòmasyon ki sou fòmilè finans lan pou kont ki gen yon montan 1 000\$ oubyen plis (sèvis lopital) oubyen 200\$ oubyen plis (sèvis doktè). Demann enfòmasyon CBI yo gendwa pa disponib pou tout pasyan.

## MANYÈL SOU POLITIK ADMINISTRATIF

Seksyon : Biwo dafè

orijinal : 10-89

Politik : Politik sou èd finansyè

Revwa le : 6/10, 7/13, 3/15, 7/18, 8/20, 9/21, 4/22

Revizyon fèt le : 3/17, 7/18, 9/19, 8/20, 1/21,

9/21, 4/22

- Pasyan oubyen garan an obsève direktiv sou verifikasyon salè a ;
- d. Si se yon travayè endepandan, li gendwa nesèsè pou l bay kopi papye lè li plen taks li pou detèmine si salè pasyan an oubyen garan an satisfè direktiv aktyèl yo sou salè povrete federal la epi konbyen moun ki gen nan fanmi l.
  - e. Pasyan, k ap ranpli swa aplikasyon pou èd finansyè oswa evalyasyon pou charite a, e ki gen kont ki te apwouve pou charite nan dèye 3 mwa yo, pa oblije gen yon revizyon siplemantè pou dokiman yo epi lòt ankèt kredi (Credit Bureau Inquiry - CBI). Sa pa valab pou charite ki ofri nan règleman 25% an amwenske sèvis yo se pou menm dyagnostik oubyen plan tretman an. Si sèvis yo pou yon dyagnostik ki pa menm, alò yon nouvo evalyasyon ap nesèsè.
  - f. Dèt la plis pase 250\$.
- 4 Lwa Florida pèmèt founisè yo klasifye frè yo kòm « charite » pou pasyan depi salè fanmi a egal oubyen mwens pase 200% direktiv povrete federal la, oubyen si depans medikal pa yo a pi plis pase 25% nan salè anyèl pa yo a epi enfòmasyon finansyè ki dokimante a montre pasyan an pa gen mwayen pou l peye pou sèvis yo. « Swen charite » oubyen « swen charite ki pa renimere » vle di pati nan frè sèvis yo ki deklare bay ajans administrasyon swen sante a kote pa gen endannizasyon pou swen ki founi bay yon pasyan kote revni total fanmi l, pou 12 mwa anvan detèminasyon an fèt, mwens oubyen egal 200% nivo povrete federal la, sofsi montan pasyan sa a dwe pi plis pase 25% montan revni anyèl fanmi li a. Sepandan, pa gen sitiyasyon kote frè founisè a pou yon pasyan ki gen salè anyèl fanmi li a depase pa omwen kat fwa nivo povrete federal la pou yon fanmi ki gen kat moun, k ap konsidere pou charite (F.S.409.911) Si pasyan an kalifye pou règleman 25% charite a epi pasyan an montre li gen posiblite pou l peye yon pati nan sèvis yo, NCH gendwa pran yon maksimòm nan AGB a (montan ki faktire an jeneral) e fè aplikasyon pou charite pou rès montan an.

## ÈD FINANSYÈ KI DISPONIB E KRITÈ POU KALIFIKASYON YO

Si salè yon pasyan pi ba pase 400% direktiv povrete federal la, pasyan an ka resevwa kèk kalite èd finansyè. NCH gen pouvwa pou l founi yon èd finansyè menm pou pasyan ki nan wotè direktiv estanda yo sou salè.

Seksyon : Biwo dafè

orijinal : 10-89

Politik : Politik sou èd finansyè

Revwa le : 6/10, 7/13, 3/15, 7/18, 8/20, 9/21, 4/22

Revizyon fèt le : 3/17, 7/18, 9/19, 8/20, 1/21,

9/21, 4/22

| Salè pasyan an   | Montan èd finansyè a   |
|--|--|
| Egal oubyen mwens pase 200% direktiv povrete federal la.   | Pasyan an kalifye pou l resevwa èd finansyè 100% nan frè lopital la epi frè NPG yo ki asosye avèk swen lopital la founi.   |
| Ant 201% ak 400 % direktiv povrete federal la.   | Pasyan an kalifye pou yon 75% rediksyon nan frè brit lopital NCH epi frè NPG yo an fonksyon swen nan lopital la, ki vle di, pasyan an peye 25% nan tout frè brit yo. |
| Responsablite pasyan an pou frè lopital ki pi plis pase 25% salè anyèl kò kay la men pa plis pase kat fwa nivo povrete federal la pou yon fanmi ki gen kat moun. | Pasyan an kalifye pou l resevwa èd finansyè 100% nan frè lopital epi frè NPG yo ki asosye avèk swen lopital la founi.  |

### KALIFIKASYON REZONAB

Pasyan gendwa kalifye pou yon rabè sou rès lajan ki pa peye a lè pa gen yon aplikasyon pou èd finansyè ki ranpli si pasyan an satisfè youn nan kondisyon ki annapre la yo :

- Li sanzabri.
- Mouri epi pa kite okenn eritaj pou peye pou fakti medikal yo.
- Kalifye alèkile pou Medicaid (kòm asirans prensipal) men li pa t kalifye nan dat sèvis la oubyen tout benefis Medicaid li yo fin itilize.
- Kalifye pou li resevwa benefis nan yon ajans gouvènmantal antanke viktim yon krim brital oubyen yon agresyon seksyèl epi tretman an konsène krim brital la oubyen agresyon seksyèl la.
- Montre li pa kapab peye pou sèvis yo dapre tout byen li genyen yo. Pasyan k ap resevwa swen nan men depatman swen ijan an e ki pa gen resous finansyè gendwa alò kalifye pou FAP a si pasyan an nan chomaj oubyen li se yon travayè endepandan epi li pa ka bay yon papye takssou salè l, se yon endijan san aksè nan dokiman aplikasyon ki egzije yo, gendwa kanmenm kalifye pou yo resevwa èd finansyè.

Seksyon : Biwo dafè

orijinal : 10-89

Politik : Politik sou èd finansyè

Revwa le : 6/10, 7/13, 3/15, 7/18, 8/20, 9/21, 4/22

Revizyon fèt le : 3/17, 7/18, 9/19, 8/20, 1/21,

9/21, 4/22

## BAZ KALKIL POU MONTAN KI FAKTIRE AN JENERAL

Lè yon pasyan kalifye pou l resevwa èd finansyè pou mwens pase 100% nan frè brit ki site anlè a, frè li responsab pou l peye a pa p plis pase montan jeneral ki faktire (amount general billed - AB) bay moun ki gen yon asirans ki kouvri swen sa a.

NCH itilize metòd « look back » pou l kalkile AGB a pou lopital li yo. Montan maksimòm AGB a ap ranmase nan men yon pasyan ki kalifye pou l resevwa èd finansyè dapre politik èd finansyè a. Pousantaj AGB a baze sou tout reklamasyon Medicare epi asirans medikal prive otorize pou yon peryòd 12 mwa, divize pa frè brit ki asosye avèk reklamasyon sa yo.

5. NCH dwe pou l konsève dokimantasyon adekwa pou otorizasyon swen charite yo oubyen èd finansyè a, an kontan fòmilè finansyè, lòt dokiman konplèmantè, e yon rapò CBI si l disponib pou pasyan an oubyen garan an (yon CBI pa obligatwa pou kont lopital ki gen yon montan 1 000\$ oubyen mwens ; 200\$ oubyen mwens pou sèvis doktè, si yon pasyan gen diferan kont ki gen yon total ki pi plis pase 1 000\$ alò li posib pou mande pou yon CBI).
6. NCH ap akòde don charite nan kont yo apre pwosesis otorizasyon an fini si pasyan oubyen garan an pa gen asirans, pa ka kalifye pou èd finansman aleksteryè e kalifye pou l resevwa don charite. Anvan kalifikasyon pou don charite a detèmine epi otorize. NCH pral fè efò rekouvremant nòminal. NCH pral kanpe tout efò rekouvremant depi ajans charite a apwouve e li pral avèti tout vandè tyès pati ki mande pou pasyan an oubyen pou garan an peye nan dat desizyon ajans charite a te fèt.
7. Ajans rekouvremant pou dèt tyès pati, gendwa ede regle kont lè pasyan yo pa kopere nan fè peman ki konvni oubyen pa t vle ranpli aplikasyon pou èd finansyè a epi/oubyen founi dokiman siplemantè pou soutni demann yo fè pou èd finansyè a. Ajans rekouvremant yo gendwa inikman angaje apre tout opsyon rezonab te eseye pou rekouvremant epi pou peman. NCH gen **politik sou faktirasyon epi rekouvremant** apa ki dekri pwosedi faktirasyon epi rekouvremant li yo. Konfòmman ak politik sa yo, NCH pa p antreprann epi l pa p otorize ajans rekouvremant yo pran mezi rekouvremant estwodinè, tankou sa ki nake nan Atik 501(r) Internal Revenue Code la, anvan yo verifye si pasyan an te gen posiblite pou l fè yon aplikasyon pou charite oubyen pou èd finansyè.
8. Pou l valab, se pou aplikasyon pou finansyè a siyen e gen dat la sou li. Si pasyan an pa ka siyen poutèt pwoblèm medikal li genyen, fòmilè a gendwa siyen pa garan an,

Seksyon : Biwo dafè

orijinal : 10-89

Politik : Politik sou èd finansyè

Revwa le : 6/10, 7/13, 3/15, 7/18, 8/20, 9/21, 4/22

Revizyon fèt le : 3/17, 7/18, 9/19, 8/20, 1/21,

9/21, 4/22

moun k ap founi enfòmasyon finansyè yo (di kisa li ye pou pasyan an) oubyen konseye finansyè a / reprezantan benefis piblik la k ap dokimante fòmilè a. Se pou fòmilè a dokimante « pasyan an pa ka siyen non l poutèt yon pwoblèm medikal li gen ». Aplikasyon pou demann èd finansyè a valab pou 6 mwa anvan epi pou 6 mwa

aprè dat siyati ki sou li a. Yon eksepsyon, fòmilè finansyè a gendwa valab pou yon lòt 6 mwa si salè pasyan an nan limit yon salè fiks tankou sekirite sosyal oubyen salè andikape epi salè li a pa chanje.

9. Naples Community Hospital gen tout dwa pou l anile èd finansyè a epi jwenn ranbousman oubyen rekouvremant apwopriye apre tout nouvo dekouvèt enfòmasyon, tankou kouvèti asirans oubyen peman bay moun k ap fè aplikasyon an oubyen demann reklamasyon pou blesi endividyèl an rapò avèk sèvis ki an kesyon an. Tout peman Naples Community Hospital resevwa, apre èd finansyè a aplike, ap fè montan ki ajiste a anile pou rezoud montan otopeman ki rete a san l pa gen yon montan ki dwe oubyen gen yon rès kredi. Sizoka pasyan oubyen garan an gen yon règleman oubyen li ranbouse pou swen ki te founi epi l refize peye pou swen ki oparavan te konsidere kòm charite oubyen èd finansyè, pasyan oubyen garan an pa p kalifye ankò pou èd finansyè epi li gendwa fè gen yon montan ki dwe.
10. Founi èd finansyè pa obligatwa pou Naples Community Hospital la founi swen kontini ; toutfwa, selon limenm inikman, sèvis epi soutyen medikalman nesèsè epi ki pa disponib lòt kote gendwa founi kontinyèlman. Pasyan an gendwa gen pou l fè yon lòt aplikasyon pou FAP a omwen chak 6 mwa.
11. Sistèm Swen NCH egzije yon otorizasyon finansyè alavans nan men direksyon biwo dafè a pou tout sèvis fakiltatif (ki prevwa epi ki pa prevwa) si pasyan an pa gen asirans, pa gen ase asirans oubyen ap peye limenm epi pa satisfè kondisyon FAP a epi/oubyen direktiv charite a. Peman total dapre politik otopeman NCH la (oubyen montan ki aksepte a) dwe fèt anvan sèvis yo founi.
12. Yon konseye finansyè pral kominike avèk tout pasyan anvan sèvis yo pwograme defason Pou yo evalye kapasite pasyan an pou l peye. Ap gen nan pwosesis sa jwenn enfòmasyon finansyè ajou sou pasyan an, jwenn yon rapò sou kredi ki ajou si l ta disponib e revwa istorik peman pasyan an avèk NCH Healthcare System.
13. Ekip direksyon biwo dafè a pral egzamine enfòmasyon finansyè pasyan an. Dapre evalyasyon pa yo a, direksyon siperyè a epi/oubyen doktè tretan an oubyen ki bay referans lan gendwa kontakte pou detèmine si sèvis fakiltatif yo gendwa retade, repwograme, oubyen refize poutèt pasyan an pa ka peye.

Seksyon : Biwo dafè

orijinal : 10-89

Politik : Politik sou èd finansyè

Revwa le : 6/10, 7/13, 3/15, 7/18, 8/20, 9/21, 4/22

Revizyon fèt le : 3/17, 7/18, 9/19, 8/20, 1/21,

9/21, 4/22

- 
14. Yon otorizasyon ki te fen anvan pou yon kont charite pa garanti ap gen lòt charite apre. Chak sèvis (ki pa ijan) ap evalye dapre chak sitiyasyon.
  15. Pasyan ki gen asirans Medicare kòm premye asirans epi Medicaid pou dezyèm asirans epi ki toujou gen yon lajan yo dwe apre faktirasyon toulède asirans yo ap ajiste kou yon move dèt Medicare, si l apwopriye, ki pa p anile tankou si li te yon charite.
  16. NCH gen yon akò avèk Neighborhood Health Clinic (NHC) e Physician Led Access Network (PLAN) pou yo founi sèvis bay pasyan ki refere e ki apwouve pa direksyon NCH la. Lè demann fèt pou otorizasyon pou sèvis, li obligatwa pou NCH e PLAN founi NCH yon fòmilè pou èd finansyè ki byen ranpli. Kont yo ap an retni NHC oubyen PLAN apre apwobasyon e rès kòb la ap ajiste bay òganism charite apre sèvis yo founi.